Утверждаю
/Искендерова

# Авар адабияталъул дарс

# Мух!амад Шамхалов

# "Вац"

Дарсил тема: Мух!амад Шамхалов "Вац"

Дарсил мурадал:

1. Ц!алдохъабазе М. Шамхаловасул г!умруялъул ва творчествоялъул хьакъалъулъ баян кьей;

Хабаралъул анализ гьабиялъул идея рагьиялде рак!бац!ц!адаб рокьиги ригьинги рогьояб ишлъун гьаби кьуч!дасанго мекъаб бук!ин бич!ч!инаби.

2. Ц!алдохъабазул к!алзул калам цебет!езаби, раг!абазул нахърател ц!ик!к!инаби; ц!алдохъабазул лъайгун бажари борхизаби.

3. Эбелалдехун, вацал - яцаздехун адаб х!урмат, рокьи куцай.

Дарсил алатал: адабияталъул т!ехь, М. Шамхаловасул суратал, т!ахьазул выставка, презентация.

**Г!уц!и.**

Дарсил ин.

Муг!алимасул цебераг!и:

Рорч!ами, лъимал

Жакъа нилъер буго г!адатияб гуреб дарс. Нужехъе гьоболлъухъе яч!ун ийго дун, дида ц!арги буго Маржанат Г!исаевна. Гьединго нилъехъе гьоболлъухъ дарсиде рач!ун руго бат!и - бат!иял гьалбал. Гьалбал рач!арараб мехалъ нилъ рокъорги лъик! хьвадула, дида ккола жакъа нужеца г!иц!го лъик!аб рахъалъан рихьизарилин.

- Къанщана берал, дун жакъа дарсиде вач!ун вуго лъик!го х!адурун, Муг!алимасул суалазе жаваб кьезеги дир г!акълуги, гьунарги, бажариги, пагьмуги буго. Дир мац!ги, миллатги, Ват!анги хирияв, к!удиязул адаб-х!урматги гьабулев ц!алдохъан вук!ин, дица гьалбазда бихьизабила.

Гьимила цоцазе, сайигъат гьабе гьалбазеги гьими, Аварагасул (с.а.в.) суннаталда нахърилълъун.

2. Рокъобе кьураб материал такрар гьаби:

Тестал

1. Цо хасаб лъугьа-бахъиналъул х1акъалъулъ бицунеб, дагьал г!адамаз г!ахьаллъиги гьабулеб, жиндилъ цо сюжеталъул мухъги бук!унеб асар щиб кколеб?

Ригьин рокьул кьуч!алда г!уцизе кколеб бук!иналъул, рокьи рак!бац!ц!адаб сундасаго т!адег!анаб бук!иналъул бицунеб буго Мух!амад Шамхаловас "Вац" абураб хабаралъулъ.

Руччабазул къисматалъул х!акъалъулъ г!емерал асарал хъвана Дагъистаналъул хъвадарухъабаз ва шаг!ирзабаз. Нилъер умумузул г!адатазда рекъон яс росасе кьеялъул ихтиярал эбел-инсухъ рук!уна.

Эбел-инсуца абураб бак!алъе яс рукъалде ине кколаан. Жегиги цо-цо росулъ гьединал г!адатал щулаго ц!унун руго.

Хъах!абросулъа Мах!мудица ва Расул Х!амзатовас хъварал асараз къват!ир ч!вазарула ч!ужуг!адан х!акъир гьаюлел басриял заралиял г!адатал. Нилъер диналдаги гьукъун буго Аллагьас бокьулареб бак!алде ясалъе ригьин гьабизе.

Цо маг!арул ясалъул Къисматалъул х1акъалъулъ къван буго М. Шамхаловас "Вац" хабар.

Лъимал щибаб къокъаялъ х!алт!и гьабизе буго гьеб хабаралда т!ад.

Лъица бицинеб М. Шамхаловасул биография?

Мух!амад Шамхаловасул биография бицуна ц!алдохъанас.

Лъаларо, Мух!амад,

Цогиязул иш , Амма дица дирго рахъалъ абила,

"Метер маг!арул мац! хвезе батани, хваги дун жакъаго жаниб рак! кьвагьун".

- Гьал лъил раг!аби лъимал?

Бит!ун буго , (Расул Х!амзатовасул).

- Лъидехун хит!аб гьабун абурал раг!аби гьал кколел лъимал?

Мух!амад Шамхаловасде хъварал раг!аби "Авар мац!" кеч!алде.

Мух!амад Шамхаловасул асарал:

"Салтанат", "Дир эмен","Намус","К!К!алахъ бахъараб кьвагьи","Бах!арчияб х!ама","К!иабилей эбел".

Лъимал гьале нилъер т!ахьазул выставка, библиотекаялдаса росун ц!але гьасул т!ахьал

"Салтанат", "Дир эмен","Намус","К!К!алахъ бахъараб кьвагьи","Бах!арчияб х!ама","К!иабилей эбел".

Лъимал гьале нилъер т!ахьазул выставка, библиотекаялдаса росун ц!але гьасул т!ахьал

4. Словарияб х!алт!и.

Лажбар-релъен, краска

Жанах!-коридор

Репродуктор-радио

Гьанже лъимал щибаб раг!и гъорлъе ккезабун предложение г!уц!е

Лъик! буго лъимал.

Къокъаб х!асил хабаралъул бицина лъималаца.

5. Рач!а лъимал нилъеца гьанже х!ухьбахьи гьабизе

Къанщана берал, цебеч!езабе баг!арараб роол къо. Керчал ризал гъутбуз сверун къараб рохьил рац!ц!алъиялда х!ухьбахъи гьабулел руго нуж. Т!анхазул недегьаб шуршуриялъги, г!агардасан чвахула бугеб лъарал чилиялъги рек!ее асар гьабула. Лъарахъ гьогьомараб лъеца гьумерги чурун, ц!ормораб иццуда к!алги ч!ван, лъим гьекъедал ц!ияб рух! лъураб г!адаб асар лъугьана чорхое.

Гьанже лъимал к!иабилеб къокъаялъ жидерго т!адкъай т!убазабила.

Тема, жанр, идея, сюжетияб мухъ ч!езабила.

Автор: М. Шамхалов.

Жанр: хабар.

Тайпа: эпос

Тема: Жиндиего бокьич!ого яс росасе кьей. Ригьнал ва хъизамалъул тема.

Щиб кканиги, лъималазул г!умруялде гьоркьоре лъугьине бегьун гурт!иялъул тема.

Проблема : Авторас борхулеб буго хъизаналъул суал.

Идея: Рак!бац!ц!адаб рокьиги ригьинги рогьояб ишлъун гьаби кьуч!дасанго мекъаб бук!ин бихьизабе.

Т!ахьидасан вацасулги эбелалъулги гара-ч!вари ц!алила лъималаз роляздеги бикьун.

Сюжетияб мухъ ч!езабила.

Завязка.

Гьайбатай Алипатил халатаб чинидул биун т!ураб г!адаб габур пашманлъиялъ гьет!изабун бук!ана. Росуго ц!ун ийк!арай яс гьанже эбелалъул гьит!инабго рокъой х!ебт!ун ийк!ана.

Кульминация.

Мух!амадица эбелалда бокьич!ого гьабураб кьог!аб х!акъикъаб рак!алде щвезаби. Гьесда рак!алде ккана валагьун живги тун эбел гьит!инлъун, х!алакълъун анин.

Развязка.

Мух!амадица жиндирго имг!алгун бицана Алипат разияб жо батич!они ригьин гьабич!ого тезе.

Дун рази йиго нужер жавабазда.

Гьанже лъабабилеб къокъаялъ Алипатил, эбелагьул, Шамилил, Мух!амадил сипатал рагьизе.

Лъималазул жавабал:

Алипатил образ.

Алипат йик!ана халатаб, чинидул биун т!ураб г!адаб габуралъул, т!ад рекъараб ,к!аланч!адил рет!ел рет!арай, ч!урканаб черхалъул йорхатай, рак!бац!ц!адай г!адатай маг!арулай. Росулъго ц!ар т!ибит!арай коч!охъан. Алипат йихьизаюлей йиго цеет!урай х!алт!ухъан х!исабалдаги. Гьей йик!ана жиндирго рек!елъ бугеб жо вацасда бицине к!оларей нечарай г!адан. Эбелалъ абураб жоялда т!асанги яхунарей.

Му!амадил образ.

Мух!амад вук!ана хъизамалъул адаб-х!урмат гьабулев чи. Гьев вук!ана яцалда рак!бух!арав, гьесие бокьун бук!ана яцалъул г!умруялда талих! бук!ине, рос-рукъалдаса гьей разиго йик!ине. Рах1му гьеч!ел г!адатазул квач!азухъе яцги рехун тун ине гьев разияв вук!инч!о.

Эбелалъул образ:

Эбел йик!ана кьог!аб г!умру бихьарай херай г!адан. Жиндирго вацг!аласе арай, г!умруялъул талих! бихьич!ей. Эбел гьит!инай, х!алакълъарай, эхеде к!анц!ун рач!арал гъуждулги, ва х!алакъаб лъик!аланго гьет!араб мугъги бук!ана лъелъул.

Шамилил образ:

Солдатазул рет!ел рет!арав, къалмица хъварав, г!адал, т!еренал ч!ег!ерал михъазул ворхатав, гьайбатав гъолохъанчи. Колхозалъул комсомол комитеталъул секретарь.

Лъик! буго лъимал,

Дарсил х!асил.

- Жакъа  дарсида бищунго сунца нужее асар гьбураб?

-Лъил г!амал -хасияталда нуж т!ад рекъеч!ел?

-Кинав героясул хьвада-ч!вади бокьараб?

- Сунде нуж гьеб хабаралъ кант!изарурал?

- Нужер кинаб пикру бугеб ригьин гьабиялъул?

- Эбелалъ абуралда т!ад рекьеч!олъи, Мух!амадил эбелалъул х!урмат гьабун гурт!илъун рик!к!ине бегьилищ?

-Ясалъе-Алипатие талих! бокьич!огонищ эбелалъе гьей вацасул васасе кьолей йик!арай?

- Кинаб к!иго пикру Алипатил бот!ролъ багъулеб бук!араб?

Эбелалъ абураб раг!уда  т!асан яхун гьелъул рак! хвезабизеги бокьун бук!инч!о, жиндирго рак!алъ т!аса  вищарав васги тун вацг!аласе инеги рази йик!инч!о.

Лъимал дун жакъа нужеда рази йиго.

Дун гьоболлъухъ яч!ун йигелъул дица нужее сайигъатал рач!ун руго.

Рокъобе "Вац" хабаралъул х!асил бицине.

Къо мех лъик! лъимал.

Шамилил образ:

Солдатазул рет!ел рет!арав, къалмица хъварав, г!адал, т!еренал ч!ег!ерал михъазул ворхатав, гьайбатав гъолохъанчи. Колхозалъул комсомол комитеталъул секретарь.

Лъик! буго лъимал,

Дарсил х!асил.

- Жакъа  дарсида бищунго сунца нужее асар гьбураб?

-Лъил г!амал -хасияталда нуж т!ад рекъеч!ел?

-Кинав героясул хьвада-ч!вади бокьараб?

- Сунде нуж гьеб хабаралъ кант!изарурал?

- Нужер кинаб пикру бугеб ригьин гьабиялъул?

- Эбелалъ абуралда т!ад рекьеч!олъи, Мух!амадил эбелалъул х!урмат гьабун гурт!илъун рик!к!ине бегьилищ?

-Ясалъе-Алипатие талих! бокьич!огонищ эбелалъе гьей вацасул васасе кьолей йик!арай?

- Кинаб к!иго пикру Алипатил бот!ролъ багъулеб бук!араб?

Эбелалъ абураб раг!уда  т!асан яхун гьелъул рак! хвезабизеги бокьун бук!инч!о, жиндирго рак!алъ т!аса  вищарав васги тун вацг!аласе инеги рази йик!инч!о.

Лъимал дун жакъа нужеда рази йиго.

Дун гьоболлъухъ яч!ун йигелъул дица нужее сайигъатал рач!ун руго.

Рокъобе "Вац" хабаралъул х!асил бицине.

Къо мех лъик! лъимал.

Гьайбатай Алипатил халатаб чинидул биун т!ураб г!адаб габур пашманлъиялъ гьет!изабун бук!ана. Росуго ц!ун ийк!арай яс гьанже эбелалъул гьит!инабго рокъой х!ебт!ун ийк!ана.

Кульминация.

Мух!амадица эбелалда бокьич!ого гьабураб кьог!аб х!акъикъаб рак!алде щвезаби. Гьесда рак!алде ккана валагьун живги тун эбел гьит!инлъун, х!алакълъун анин.

Развязка.

Мух!амадица жиндирго имг!алгун бицана Алипат разияб жо батич!они ригьин гьабич!ого тезе.

Дун рази йиго нужер жавабазда.

Гьанже лъабабилеб къокъаялъ Алипатил, эбелагьул, Шамилил, Мух!амадил сипатал рагьизе.

Лъималазул жавабал:

Алипатил образ.

Алипат йик!ана халатаб, чинидул биун т!ураб г!адаб габуралъул, т!ад рекъараб ,к!аланч!адил рет!ел рет!арай, ч!урканаб черхалъул йорхатай, рак!бац!ц!адай г!адатай маг!арулай. Росулъго ц!ар т!ибит!арай коч!охъан. Алипат йихьизаюлей йиго цеет!урай х!алт!ухъан х!исабалдаги. Гьей йик!ана жиндирго рек!елъ бугеб жо вацасда бицине к!оларей нечарай г!адан. Эбелалъ абураб жоялда т!асанги яхунарей.

Му!амадил образ.

Мух!амад вук!ана хъизамалъул адаб-х!урмат гьабулев чи. Гьев вук!ана яцалда рак!бух!арав, гьесие бокьун бук!ана яцалъул г!умруялда талих! бук!ине, рос-рукъалдаса гьей разиго йик!ине. Рах1му гьеч!ел г!адатазул квач!азухъе яцги рехун тун ине гьев разияв вук!инч!о.

Эбелалъул образ:

Эбел йик!ана кьог!аб г!умру бихьарай херай г!адан. Жиндирго вацг!аласе арай, г!умруялъул талих! бихьич!ей. Эбел гьит!инай, х!алакълъарай, эхеде к!анц!ун рач!арал гъуждулги, ва х!алакъаб лъик!аланго гьет!араб мугъги бук!ана лъелъул.

а) Къиса

б) Хабар

в) Роман

г) Очерк

2. К!удияб эпосияб асар, г!емераб заманги жанибе бачунеб, г!умруялъул бат!и-бат!иял рахъалги жанибе бачунеб ккола:

а) Къиса

б) Хабар

в) Роман

г) Очерк

3. Х!акъикъиял г!умруялда ккарал лъугьа-бахъиназул бицунеб асар ккола:

а) Къиса

б) Хабар

в) Роман

г) Очерк

4. К!вар бугел лъугьа-бахъиназул бицунеб, жинда гъорлъ цо чаного лъугьа-бахъинги бугеб хабарияб эпосияп асар ккола:

а) Къиса

б) Хабар

в) Роман

г) Очерк

3. Эпиграф темаялде ц!алдохъаби рачин.

Хъизамалъул гьуинлъи-рукъалъул хазина.

Г!урай яц рокъой йигони , вацасда вегун макьу щолареб

Вокьулев чигун цадахъ лъимги гьуинаб, вокьуларев чигун цадахъ гьоц!оги кьог!аб.

- Кициялъул маг1на кин нужеда бич!ч!унеб?